



Reyinyon Piblik pou Enfòmasyon – 612634 Somerville / Cambridge – Ranplasman Pon– Wout 28 anlè MBTA

Sa k ap pase?

Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann pwojè yo pwopoze pou rebati wout la. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan repons nan reyinyon an pral analize ak pran an konsiderasyon, nan mezi maksimòm ki posib.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè yo pwopoze a se ranplase pon (“Squire’s Bridge”) ki fè McGrath Hwy (Wout 28) pase anlè ray tren nan Somerville, MA a. Pwojè a genyen landan tou rebati McGrath Hwy & O’Brien Hwy (Wout 28) ant Poplar Street nan Somerville, ak Third Street nan Cambridge. Modèl yo pwopoze a pral genyen yon sèl twonson ki pase anlè ray tren an, epi li pral genyen yon twonson separe nan direksyon nò, ki pase anlè Somerville Ave Extension, epi ki pral re-alien pou pèmèt katye yo konnekte pi fasil. Pwojè a ap genyen tou akomodasyon pou tout moun ki sèvi avèk wout tren an, tankou amelyorasyon enstalasyon pou pyeton, pou bisiklèt, ak pou enstalasyon transpò, ak amelyorasyon pou sekirite, ak plis espas vèt.

Kilè

Madi 14 jiyè 2026
7:00-8:30 p.m., EDT

Vini

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Ale nan pòtay entènèt www.mass.gov/orgs/highway-division/events pou plis enfòmasyon, oubyen pou gade yon anrejistreman.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, si posib 10 jou anvan aktivite a.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elekwonnik

MassDOTMajorProjects@dot.state.ma.us. Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: Major Projects, PROJECT FILE NO. 612634**